

## ENFÒMASYON ENPÒTAN POU LOKATÈ YO

Tout lokatè ki gen plis pase laj 18 tan dwe ranpli gwoup dokiman sa a. Pou jwenn èd pou ranpli dokiman yo ki nan gwoup sa a (paj 13-18), kopi sipleman, oswa si ou gen nenpòt kesyon sou nenpòt nan enfòmasyon ou jwenn nan gwoup dokiman sa a, ou mèt rele Hannah Carrillo nan telefòn nan nimewo **617-625-6600**, estansyon **2575** oswa nan imèl nan [hcarrillo@somervillema.gov](mailto:hcarrillo@somervillema.gov). Ou kapab kontakte Biwo pou Estabilite Lojman nan nimewo **617-625-6600, x.2581**.

Ou kapab vini tou nan anèkslakomin **50 Evergreen Ave, Somerville, MA02145**- pou pale avèk Hannah Carrillo oswa Biwo pou Estabilite Lojman pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou genyen.

Tanpri ranpli gwoup dokiman sa a (paj 13-18) epi swa retounen li ba pwopriyete pwopriyete ou oswa voye li/depoze li nan Anèks Lakomin Vil la (50 Evergreen Ave), atansyon pou Hannah Carrillo.

Anba la a se definisyon moun andikape, granmoun aje ak revni ki ba-modere: **Lokatè ki andikape** - se yon lokatè ki gen yon twoub fizik oswa mantal apati dat nou te bay avi a, ki (1) gen yon limit enpòtan sou posiblite moun sa a pou pran swen tèt li, pou fè travay alamen, pou mache, pou wè, pou tande, pou pale, pou respire, pou aprann oswa pou travay; oswa (2) ki gen yon limit enpòtan sou lojman apwopriye pou moun sa a oswa ki gen yon limit enpòtan sou posiblite moun sa a pou chèche yon nouvo lojman; oswa (3) satisfè dispozisyon yo ki asosye avèk andikap pou “moun andikape ki touche revni ba” nan G.L.c. 121B § 1.

**Lokatè granmoun aje**- se yon lokatè ki gen laj **65** ane oswa plis apati dat li te oswa te dwe resevwa avi a.

**Lokatè ki touche Revni Ba-/Modere**: Si revni total fanmi ou pou dènye 12 mwa yo te anba valè limit revni ki koresponn avèk kantite moun ki lakay ou nan tablo ki anba la a, ou touche revni ki ba/modere:

Limit Revni HUD Boston PMSA – Ane Fiskal 2019								
Kantite Moun ki nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Limit Revni	\$62,450	\$71,400	\$80,300	\$89,200	\$96,350	\$103,500	\$110,650	\$117,750

**FÒM AVI POU LOKATÈ  
KONSÈNAN KOMITE  
REVIZYON KONDOMINYÒM  
(Prezante fòm nan pou chak moun  
apa)**

Dat la: \_\_\_\_\_

Non Lokatè a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Lèt sa a nou voye ba ou a se pou fè ou konnen mèt kay ou-, \_\_\_\_\_, gen entansyon konvèti inite ou epi pètèt lòt inite ki nan bilding ou an swa kondominyòm oswa an inite koperasyon. Ou gen dwa dapre. Ódonans Somerville pou Konvèsyon, ansanm avèk dwa pou Avi sa a. Gen eksplikasyon sou dwa ou yo anba la a.

- **Dwa pou Avi Kòrèk**

Nou dwe ba ou Avi sa a dapre youn nan metòd sa yo: livrezon fas-a-fas devan yon temwen, oswa avèk avi resepsyon lokatè a, nou voye nan kourye sètifye oswa nan kourye anrejistre, avèk demann resi pou retounen, yon cherif-adjwen oswa yon ajan lapolis pote li ba ou.

- **Dwa pou Kontinye Rete nan Inite a (Peryòd Avi a)**

Ou gen dwa pou rete kòm yon lokatè nan inite lokasyon ou pou yon ane apati dat ou te resevwa Avi sa a. Si ou se granmoun aje, moun andikape oswa moun ki touche revni ba-/modere<sup>1</sup>, ou gen dwa pou rete kòm yon lokatè nan inite lokasyon ou pou senk ane apati dat ou te resevwa Avi sa a. Ou gen dwa pou peryòd avi sa a si akò lokasyon ou se yon kontra lwaye oswa yon lokasyon mwa-pa-mwa san kontra lwaye. Si ou se yon granmoun naje, yon moun andikape oswa yon lokatè ki touche revni ba-/modere, tanpri fè pwopriyetè pwopriyete ou konnen sa. Si pwopriyetè a konteste ou se granmoun aje, moun andikape oswa lokatè ki touche revni ba-/modere, ou ka bezwen bay li verifikasyon sityasyon ou.

- **Dwa pou Pwolonje Dire Akò Lwaye a**

Si Avi ki gen peryòd yon ane oswa senk ane ki endike anwo a pi long pase dire lokasyon ou nan akò lwaye ou, lè sa a Mèt Kay la dwe pwolonje dire lokasyon ou pou fè li tonbe menm lè avèk ekspirasyon peryòd Avi a.

---

<sup>1</sup> Definasyon chak kategori sa yo endike nan paj 12

- **Dwa pou Achte**

Ou gen dwa pou achte inite lokasyon ou anvan li ale sou mache a nan kondisyon 'li ye a' nan yon pri rezonab. Si ou pa kapab achte inite ou, oswa si ou pa vle achte inite ou, Minisipalite Vil la oswa yon moun yo chwazi ka achte inite a pou objektif pou antreteni inite a kòm lojman ki bon mache. Tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo 617-625-6600 estasyon 2575 pou nenpòt kesyon ou genyen konsènan dwa Minisipalite Vil la oswa moun yo chwazi a pou achte inite a.

- **Dwa pou Fini Lokasyon ou**

Ou gen dwa pou fini akò lokasyon ou san ou pa jwenn sanksyon pandan tout tan ou bay avi pou Pwopriyetè a nan omwen trant (30) jou anvan ou kite inite a. Pwopriyetè pwopriyete a pa kapab fini lokasyon ou pandan peryòd avi a sof nan ka ou pa peye lwaye a oswa si gen lòt vyolasyon enpòtan akò pou lwaye a.

- **Travay Modènizasyon Pandan Peryòd Avi a**

Lokatè yo gen dwa pou yo pa jwenn deranjman ki pa rezonab akòz travay modènizasyon, reparasyon oswa amelyorasyon. Pwopriyetè a ka sèlman fè reparasyon yo nan inite ou si reparasyon yo **obligatwa** dapre Kòd Sanitè ak Kòd Konstwiksyon Leta. Lòt travay modènizasyon yo ak amelyorasyon yo nan inite ou ka fèt sèlman avèk **konsantman fòmèl ou alekri**. Pwopriyetè yo ka modènize zòn komen yo oswa inite ki vid yo, men yo dwe konfòme yo avèk règ Odonans Konvèsyon an Kondominyòm yo konsènan fason ak kilè travay modènizasyon sa yo kapab fèt. Tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo 617-625-6600 estasyon 2575 pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou kesyon oswa enkyetid ou genyen.

- **Dwa pou Jwenn Èd pou Chèche Lojman**

Yon lokatè ki se granmoun aje, ki se yon moun andikape oswa ki touche revni ba-/modere gen dwa pou jwen èd pwopriyetè pwopriyete a pou jwenn yon apatman sanblab nan Somerville sof si lokatè a gen egzansyon nan egzijans sa a pou lojman an. Yon pwopriyetè gen egzansyon nan egzijans sa a pou chèche lojman an di (1) li te lwe inite li ba ou nan oswa anba nòm peman Seksyon 8 Administrasyon Lojman ; epi (2) li te limite ogmantasyon yo nan pri lwaye li a mwens pase 5% chak ane pandan twa dènye ane yo. Si pwopriyetè ou gen obligasyon pou ba ou èd pou chèche lojman epi li pa fè sa, w ap gen dwa pou yon lòt dezan pwoteksyon.

- **Dwa pou Avantaj pou Demenajman**

Si ou pa achte inite lwaye ou oswa yon lòt inite lwaye nan bilding nan, ou gen dwa pou resevwa yon peman pou demenajman pou \$6,000/inite oswa \$10,00/inite si ou se yon granmoun aje, yon moun ki andikape oswa yon lokatè ki touche revni ba-/modere si ou kite inite a anvan peryòd Avi a. Peman pou demenajman an dwe fèt nan dis jou apre ou kite inite a. Men, si ou bezwen lajan sa a davans pou ou kapab demenaje, pwopriyetè a dwe fè peman yo dirèkteman ba konpayi demenajman ou, ajan imobilye ou, bilding depo ou, oswa nouvo mèt kay ou si ou fè demann lan epi lè ou bay li verifikasyon nouvo apatman ou.

**Tanpri sonje:** Si pwopriyetè a resevwa avi alekri lokatè a ki endike l ap kite inite a anvan pwopriyetè a gen entansyon pou konvèti an inite kondominyòm, pwopriyetè a pa gen obligasyon pou peye depans pou demenajman an.

- **Dwa pou Avi pou Odyans**

Si yon lokatè te resevwa avi sa a li gen dwa tou pou resevwa avi pou **nepòt ak tout** odyans Komite Revizyon Kondominyòm nan pwograme kote inite a nan ajanda a. Avi sa a ap gen ladan dat, lè ak kote odyans lan pral fèt. Lokatè yo pa gen obligasyon pou patisipe nan odyans sa a, men y ap resevwa yo epi yo ka bay Komite Revizyon an enfòmasyon ki konsène aplikasyon yo panse ki enpòtan.

**Si ou planifye pou patisipe nan odyans sa a epi ou bezwen yon entèprèt, tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo 617-625-6600 estansyon 2575 imedyatman ki posib pou ou.**

- **Dwa pou mande yon Odyans**

Si nan nenpòt moman nenpòt moun ki konsène (lokatè oswa pwopriyetè) panse lòt moun nan pa konfòme li avèk egzijans. Òdonans pou Konvèsyon an Kondominyòm yo, li ka mande Komite a pou pwograme yon odyans sou konfòmite pou revize afè a. Kèlkeswa moun konsène ki mande odyans lan, li dwe patisipe ladan epitou lòt moun konsène a dwe patisipe tou nan odyans lan. Y ap voye avi pou odyans lan ba toulède moun ki konsène yo. Lè yo pwograme odyans la, Komite Revizyon Kondominyòm nan ap voye yon avi ba ou pou adrès, lè ak dat odyans lan Tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo 617-625-6600 estansyon 2575 pou nenpòt kesyon ou genyen konsènan fason yo pwograme yon odyans sou konfòmite. **Si ou vle yon entèprèt tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo 617-625-6600 estansyon 2575 imedyatman ki posib pou ou.**

Ou kapab jwenn Òdonans pou Konvèsyon an Kondominyòm sou sitwèb Minisipalite Somerville nan: <https://www.somervillema.gov/departments/condominium-review-board>. Yo ka ba ou yon kopi si ou fè demann lan.

---

Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte Hannah Carrillo nan nimewo nan nimewo 617-6256600. 2575 oswa imèl li nan [hcarrillo@somervillema.gov](mailto:hcarrillo@somervillema.gov).

Non Lokatè a: \_\_\_\_\_

Siyati Lokatè a: \_\_\_\_\_

Dat la: \_\_\_\_\_

**VIL SOMERVILLE**  
**KOMITE REVIZYON KONDOMINYÒM SOMERVILLE**  
**FÒMI DEMANN ENFÒMASYON SOU LOKATÈ**  
**(Prezante fòm nan pou chak lokatè oswa chak fanmi apa)**

**Adrès la ak Inite#:**

\_\_\_\_\_

Non Lokatè (yo): \_\_\_\_\_

Enfòmasyon pou Kontak (nimewo telefòn ak adrès imèl):

\_\_\_\_\_

1. Èske oumenm oswa yon lòt manm fanmi ki lakay ou gen laj swasant-senk (65) ane oswa plis?

\_\_\_\_\_

2. Èske oumenm oswa yon lòt manm fanmi ou ki nan kay la se moun andikape (jan sa defini nan paj 12)?

\_\_\_\_\_

3. Apeprè kilè ou te vin abite nan bilding sa a? (Mwa ak Ane)

\_\_\_\_\_

4. Kilè epi kijan ou te resevwa avi aplikasyon pou konvèsyon an kondominyòm yo?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

5. Anvan ou te resevwa avi aplikasyon pou konvèsyon an inite kondominyòm yo, èske ou te deja

Bay pwopriyetè pwopriyete ou avi pou fè li konnen ou pral soti nan inite a? \_\_\_\_\_ (wi oswa non)

Si ou reponn wi, kilè? \_\_\_\_\_

OU DWE BAY LOKATÈ YO APLIKASYON AN EPI YO DWE RANPLI LI

6. Si nou te konvèti bilding ou an inite kondominyòm, èske ou ta anvizaje achte inite ou?

---

7. Èske pwopriyete bilding ou kounye a te ofri ou konpansasyon pou li te kapab jwenn akò ou pou soti nan inite ou? Si se sa, ki konpansasyon li te ofri ou epi kilè li te mande ou pou kite inite ou?

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

